



**PWOSÈ VÈBAL
REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON (BOSTON SCHOOL
COMMITTEE)**

8 Juin 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon adistans nan dat 8 Jen 2022 an a 5 p.m sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv yo, Xyra Mercer.

Manm Komite a ki te absan: Lorena Lopera.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda

Rapò Reyinyon: 25 Me 2022

Lèt Akò Seksyon Lokal 8751 Sendika Travayè Asye yo ak Demann Kredi Sipleman tè pou Ane Fiska 2023 a PowerPoint

PWOJÈ Lèt Lateral A e B 2022

MOA Chofè Bis Transdev yo

Renouvèlman Lekòl Inovasyon yo

Plan Inovasyon Burke HS BPS

Evalyasyon Anyèl pou Inovasyon Burke

Deklarasyon Burke sou Enpak Ekite

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan
Zoom

8 Jen 2022

Lèt Kouvèti Pwopozisyon Inovasyon Eliot K-8

Prezantasyon Eliot K-8 School

Plan Inovasyon Eliot K8 pou 2023

Evalyasyon Anyèl pou Lelòl Inovasyon Eliot K8 yo

Deklarasyon Eliot K-8 sou Ekite Enpak

Plan Inovasyon Holmes

Evalyasyon Anyèl Holmes

Deklarasyon Holmes sou Enpak Ekite

Memo Kouvèti Plan Inovasyon Muñiz

Lèt Kouvèti Pwopozisyon Inovasyon Muñiz Academy

Prezantasyon Margarita Muniz

Plan Aksyon Inovasyon Muñiz

Plan Inovasyon Muñiz

Evalyasyon Anyèl Muñiz

Deklarasyon Muñiz sou Enpak Ekite

Plan Inovasyon Winthrop Elementary School

Evalyasyon Anyèl Winthrop Elementary School

Deklarasyon Winthrop sou Enpak Ekite

RAPÈL A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Madam Lopera, Madam Mercer, ak Mesye O'Neil te absan (Madam Mercer te vin patisipe pita nan reyinyon an pandan l t ap fèt; Mesye O'Neil te patisipe nan seyans egzekitif la pandan l t ap fèt). Tout lòt manm yo te prezan.

Apwouve - Nan apèl nominal la, tout Komite a te apwouve yon mosyon pou ranvwaye seyans egzekitif la pou yo fè yon seyans estrateji ki lye ak wòl Komite a nan negosiyasyon kolektif ant Kontraktè li, Transdev ak United Steelworkers Local 8751.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

8 Jen 2022

Madam Robinson te anonse ke Komite a pral retounen nan seyans piblik la.

At 5:55 p.m. Komite a te retounen nan seyans piblik la. Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. li te anonse sèvis entèpretasyon similtane an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamiyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

PREZANTASYON SITASYON

Prezidan Robinson te prezante sitasyon yo bay elèv ki nan klas tèminal sa yo k ap gradye nan Lekòl Piblik Boston yo ki fè pati Boston Student Advisory Council (BSAC) yo:

- Anisa Adawe, Burke High School
- Lana Chan, Boston Latin School
- Josiehanna Colon, New Mission High School
- Olga Gjika, Excel High School
- Ajanee Igharo, Boston Latin Academy
- Tiffany Luo, Boston Latin School
- Wellington Matos, Fenway High School
- Hazel McLaughlin, Snowden International High School
- Thy Nguyen, Excel High School
- Stacy Tran, Dearborn 6-12 STEM Academy

Komite a voye yon remèsiman espesyal bay reprezantan elèv yo, Xyra Mercer, k ap gradye nan Henderson K-12 Inclusion School.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Nan apèl nominal la, tout Komite a te apwove pwosè vèbal reyinyon Komite Lekòl la te fè nan dat 25 Me 2022 a.

RAPÒ

Mizajou sou Pwosesis sou Rechèch Sipèrentandan an - Prezidan Robinson te anonse Komite a t ap fè ajisteman nan lòd ajanda a pou yo resevwa yon mizajou sou pwosesis rechèch sipèrentandan an bonè nan lasware. Sipèrentandan Cassellius te dekonekte sou reyinyon an epi li te reyantre touswit apre mizajou sou rechèch la.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

8 Jen 2022

Prezidan Robinson te fè konnen Komite Rechèch Sipèrentandan an te reyini pandan de jou nan semèn sa nan seyans egzektif la pou yo te kapab kontinye pase kandida yo entèvyou pou pòs Sipèrentandan an. Komite Rechèch la fèk konplete seri entèvyou sa epi yo prevwa reyini ankò nan seyans egzektif la pou yo kapab kontinye pwosesis sa a. Yo rete sou bon vwa a pou yo rive seleksyon 2-3 kandida fianl pou yo rekòmande bay Komite Lekòl la pou yo pase yo egzamen, depi yo fin fè entèvyou yo ak delibèasyon yo epi y ap otorize verifikasyon antesedan, verifikasyon tit konpetans, elatriye. Depi yo fini ak etap sa a epi yo fin finalize rekòmandasyon yo, Komite Rechèch la pral fè pati pa l la.

Selon kòmantè ko prezidan Komite Rechèch la, Komite Lekòl la espere an mezi pou bibliye non finalis yo pandan semèn 13 oswa 20 Jen an. Apresa, Komite Lekòl la pral òganize twa jou entèvyou piblik ki gen ladan yo diskisyon an gwoup avèk gwoup aksyonè yo sou Zoom avèk sèvis entèpretasyon, ansanm ak entèvyou an pèsòn avèk Komite Lekòl la.

Depi yo fin anonse kandida yo, Komite a prevwa òganize entèvyou piblik nan semèn 21 Jen an, apre yo fin fè yon vòt final nan yon reyinyon espesyal Komite Lekòl la, 29 Jen an.

Mesye O'Neil, ki okipe pòs nan komite rechèch sipèrentandan, te di bonjan divèsite seksyèl ak etnik ansanm ak konesans sou Boston nan gwoup kandida yo.

Madam Robinson te envite nenpòt moun ki enterese patisipe nan yon seyans an gwoup pou kontakte li, pandan l ap ajoute detay yo pral afiche sou sitwèb BPS la.

Doktè Alkins ak Madam Cardet-Hernandez te mande ki posiblite ki genyen pou yo deziyen yon sipèrentandan pwovizwa. Madam Robinson te fè konnen l ap travay avèk ekip direksyon senior Sipèrentandan an ansanm ak lòt moun pou yo rive idantifye yon repons klè. Mesye O'Neil te klarifye pou Mesye Cardet-Hernandez ke yon vòt Komite a t ap nesèsè pou yo kapab deziyen yon sipèrentan pwovizwa.

RAPÒ SIPÈ-ENTANDAN AN

**Lè yo prepare l pou livre li.*

Mèsi, Madam Prezidan, epi mèsi tout moun dèske nou rejwenn nou aswè a. Mwen genyen kèk mizajou ke mwen vle pataje anvan mwen antre fon nan prezantasyon pou aswè a. Toudabò, mwen vle pran yon moman pou m remèsye manm Konsèy Vil Boston nan dèske yo te vote pou yo adopte bidjè Ane Fiskal 2023 ki vo \$1.33 milya Lekòl Piblik Boston jodi a. Mwen vle rekonèt gwo travay Konseye Tania Fernandes la pou lidèchip li antanke prezidan Komite Vwa ak Mwayen Konsèy la pandan Vil Boston te aplike yon nouvo pwosesis bidjè pou lapremye fwa. E san nou pa bliye tout Konseye Vil yo pou sipò yo bay Lekòl Piblik Boston yo. N ap remèsye Majistra Wu ansanm ak ekip li a pou angajman yo anvè elèv nou yo ak poutèt yo te asire yo jwenn sipò yo bezwen pou yo atenn tout potansyèl yo nèt. Pou m fini, mwen vle salye gwo travay ekip bidjè BPS la: Direktè Finansyem Nas Kuder, Direktè Finansyè Adjwen, David Bloom ansanm ak ekip yo a pou tout kantite tan nou paka konte ke yo konsakre pou prepare bidjè sa ak pou fè swivi li nan pwosesis la.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

8 Jen 2022

Pandan elèv ak fanmi nou yo kontini ap reprann yo apre pandemi a, bidjè sa reflekte angajman komen nou pou n founi elèv ak fanmi ki gen anpil bezwen yo sipò; pwogram akademik ki solid e enkliziv; ak plis opòtinite pou edikasyon fizik, art, mizik, ak opòtinite pou anrichisman akademik. Nou te ajoute plis konseye, finansman pou ede yo aplike nouvo egzijans pou gradyasyon yo ak lòt sikològ anplis. Sa pral pèmèt nou konplete ekip sipò Hub Schools yo nan lekòl nou an epi sa ap rapwoche nou plis vè objektif nou pou n garanti kalite pou tout elèv. Mwen sitou kontan pou m lanse ekspansyon bibliyotèk nou an avèk 35 FTE anplis pandan otòn sa a. Nou konsantre sou alfabetizasyon epi li esansyèl pou n gen yon bibliyotèk ki gen lisans nan tout lekòl la pou founi yon edikasyon ekselan. Finalman, bidjè sa sipòte tou Green New Deal yo fèk anonse a pou Lekòl Piblik Boston yo, yon patenarya ant BPS ak Vil Boston nan ki pral asire elèv nou yo gen aksè ak anviwònman aprantisaj ki modèn, pwòp epi ki akeyan. M ap pale plis de sa nan remake mwen yo pita. N ap remèsye Konsèy Vil la ankò poutèt yo kontinye kolabore avèk sou pwojè sa ak sou anpil lòt pwoblèm enpòtan rlev ansanm ak fanmi nou yo ap afwonte.

Semèn pase, se te yon plezi pou m te patisipe nan Dejene Anyèl Valecdictorian BPS la nan Fenway Park avèk Majistra Wu ansanm ak Prezidan Komite Lekòl la, Jeri Robinson, Mesye O'Neill, Madam Polance -Garcia, Madam Lopera ak Mesye Cardet-Hernandez. Nou te onore 33 nan lekòl ki nan lekòl segondè nou yo avèk tout zanmi, fanmi ak pwofesè yo ki fyè ansanm ak responsab lekòl yo. Se Callie Crossley ki te anime evènman sa a epi se Majistra a, Prezidan Robinson, mwen menm ak elèv klas tèminal nan Brighton High School la, Khadiza Akter, ki te pwononse diskou majò a. Se te yon plezi pou n te wè souri nan vizaj tout moun sa yo pandan nou t ap onore elèv estwòdinè yo poutèt reyisit yo. Mwen twò fyè de chak grenn nan nou epi mwen kontan wè nou travèse sèn nan pandan semèn k ap vini yo avèk rès kou klas tèminal ou a!

Sou menm remake sa a, mwen te vle asire m mwen mansyone sezon gradyasyon an pami nou! Mwen kontan selebre ak onore tout elèv estwòdinè ki nan klas tèminal nou yo k ap travèse sèn nan pandan mwa sa a. Dènye ane ki sot pase yo te vrèman difisil pou nou tout, malgre sa nou te pèsevè pandan tout ane yo pou jiskaske nou rive gradye! Mwen espere patisipe nan yon pakèt seremoni gradyasyon toutotan orè m pèmèt sa a. Yè, mwen te patisipe nan seremoni gradyasyon pou BCLA — felisitasyon ankò! Mwen espere tout Klas 2022 a fyè de tout sa nou te rive reyalize ak sa nou pral kontinye reyalize apre nou fin gradye. Kèlkeswa plan nou genyen apre nou fin gradye, mwen vle raple nou pou nou fè avèk tout sa nou genyen. Viv rèv ou epi make tan w sou tè pandan w ap remèt komonite w la.

Konsènan ete a, mwen te vle raple tout moun li poko twò ta pou enskri elèv ou yo nan kèk nan pakèt opòtinite pandan ete nou yo. Epiou, n ap founi yon seri pwogram pou elèv yo kapab gen aksè ak sèvis ipò, rekouvremant akademik ak inisyativ akselerasyon, ansanm ak lòt aktivite anrichisman, ansanm ak estaj ki peye ak opòtinite anplwa. Pwogram sa yo sou lekòl la, patnè ansanm ak aktivite yo pandan y ap desèvi tout katye ak ofri yon pakèt opòtinite an pèsòn ak opòtinite adistans. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon ansanm ak yon lis konplè ki gen opòtinite pandan ete ki disponib pou elèv ou yo sou sitwèb nou an nan www.bostonpublicschools.org/summer.

Mwen kontan anonse nominasyon pou Edikatè pou Prim Anyèl 2022 a louvri kounye a! Nou envite e ankouraje tout aksyonè BPS yo, ansanm avèk pwofesè, administratè, parapwofesyonèl,

8 Jen 2022

anplwaye lekòl, fanmi, manm kominotè, ak patnè yo pou yo deziyen yon seri edikatè eksepsyonèl pou onore devouman yo nan travay yo.

Edikatè nou yo te pase anpil eprèv pandan dènye ane ki sot pase yo, yo merite tout apresyasyon nou kapab ba yo! Tanpri, ale sou sitwèb nou an nan www.bostonpublicschools.org/eoy pou ranpli yon fòmilè nominasyon nan youn nan 10 lang BPS nou yo. Nominasyon yo ap fèmen nan dat 31 Jiyè 2022 a 5 p.m.

Aprè m fin m pataje kèk gran liy, mwen vle antre fon nan kèk mizajou mwen genyen pou nou pou aswè a. Talè a, nou te pataje yon lèt avèk tout fanmi ak anplwaye BPS yo ki anonse Komisyon Sante Piblik Boston nan te enfòm ke apati Lendi 13 Jen an, mask p ap obligatwa ankò nan batiman BPS yo, kèlkeswa estati vaksinasyon yon moun. Desizyon sa baze sou yon tandan soutni kote ka COVID-19 ak ospitalizasyon yo diminye. Pandan mask p ap obligatwa nan batiman nou yo, li enpòtan pou n note elèv ak anplwaye ki ta renmen mete mask yo ap toujou ka mete yo si yo vle. Mete mask se yon zouti enpòtan pou n asire sekirite lekòl nou an ak kominote jeneral Boston nan, kidonk, y ap sipòte nenpòt elèv, responsab legal oswa anplwaye ki kontinye mete mask. N ap kontinye pèmèt tout elèv ak anplwaye ki toupatou nan distri a gen aksè pou yo vaksinen. Sa se yon etap enpòtan pou distri a ak pou tout vil la, epi mwen vle remèsye tout anplwaye nou yo poutèt yo an premye liy, ansanm ak fanmi ak elèv nou yo poutèt yo kontinye sipòte e kolabore pou asire lekòl nou yo se anviwònman aprantisaj ki asire epi ki bon pou sante.

Jan ou konnen sa nan dat 12 Me a, Majistra Wu te anonse yon plan \$2 milya pou renove etablisman BPS yo, ansanm ak nouvo pwojè konstriksyon ak renovasyon, ansanm ak amelyorasyon nan tout distri a. Kòm rapèl, nou envite manm piblik la revize tablodbò batiman piblik la ki disponib sou entènèt la sou sitwèb Green New Deal la. Jan sa fè pati plan an, yo fè investisman pou anboche nouvo manm anplwaye pou sipòte egzekisyon Green New Deal la. Nou kontan anonse pwoseis anbochman an kou. Epitou, plan Green New Deal la gen ladan l tou yon pwopozisyon pou regwoupe kèk nan kominote lekòl ki pi piti nou yo pou fòme de lekòl kanpis. Nou antame konvèsasyon avèk kominote lekòl sa yo epi mwen vle raple tout moun ke sa yo se jis pwopozisyon yo ye. Gen anpil detay nou dwe jwenn pandan mwa k ap vini yo avan nou ofisyèlman prezante pwopozisyon sa yo bay komite lekòl la pandan sezon otòn k ap vini an. Nou kwè de lekòl kanpis sa yo pral ofri garanti kalite elèv nou yo merite a. Lekòl sa yo t ap pèmèt fonksyonman ki pi efikas pou batiman yo, libere resous pou reyenvesti nan lekòl yo, elaji opòtinite anrichisman yo, ak pwodui meyè rezilta pou elèv yo. Nou konprann tout chanjman kapab difisil, epi nou pran angajman pou n travay avèk komite lekòl sa yo pandan pwochen mwa k ap vini yo pou n reponn kesyon yo, kolabore sou ide ak elabore yon pwopozisyon sou fason de lekòl kanpis yo ta dwe fonksyone. N ap prezante devan komite lekòl la pita nan mwa sa pou n bay ou plis enfòmasyon sou tout pwojè Green New Deal yo epi n ap osyèlman prezante pwopozisyon sou lekòl de kanpis yo pandan sezon Otòn pwochen ane a, apre fin angaje nou avèk fanmi ak anplwaye pandan plizyè mwa.

Mwen te vle pataje yon mizajou sou rapò DESE a. Plizyè medya te rapòte avèk presizyon ke DESE te pataje yon pwojè akò pou Vil Boston ak BPS siyen. Majistra Wu ansanm ak ekip li a te toujou ap kolabore avèk BPS pou yo reponn pwopozisyon DESE a ak pou yo asire li konsantrè sou bezwen aprantisaj akademik ak sosyal ak emosyonèl elèv nou yo. Mwen remèsye manm Komite Lekòl la ki te bay avi yo sou pwopozisyon yo epi ki te pataje kòmantè yo ak distri a ni ak Biwo Majistri a. Dènyeman an, DESE te akeye wo responsab BPS yo ansanm ak

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

8 Jen 2022

eko Majistra nan biwo santral li pou yo te kapab diskite sou de pwopozisyon yo. Diskisyon yo te kolaboratif e pwodiktif. Mwen espere n ap gen plis bagay pou n enfòm kominote a sou yo pandan semèn k ap vini yo. Mwen espere tou nenpòt akò nou rive konkli pral konsantre sou yon domèn espesifik kote amelyorasyon kritik nesese, tankou: edikasyon espesyal, transpò, ak entegrite done, pami lòt domèn yo. Pandan mwen rete fyè de BPS ak tout travay premye plan nou fè chak jou a, mwen konnen tou gen domèn enpòtan kote nou dwe pote amelyorasyon rapid atravè aksyon transfòmasyonèl. Mwen rete kwè vwa pou n swiv la se vwa kote n angaje nan patenarya sible ak estratejik avèk DESE.

Pou m fini, mwen te vle pataje byen rapid yon mizajou sou kèk enkyetid serye yo eksprime e atire atansyon Komite Lekòl la sou yo pandan peryòd kòmantè pibli dènye reyinyon nou an. Toudabò, mwen vle di nou te gentan pataje enkyetid yo avèk Distri a epi nou te gentan pran mezi konfòmman ak pwotokòl nou yo, ki la pou revize akizasyon yo, mennen investigasyon sou verite yo, ak pran mezi reparatif ki apwopriye a si sa nesese. Etandone ke akizasyon yo te konsène konduit manm anplwaye BPS yo, epi konklizyon ak etap mezi sa yo se enfòmasyon konfidansyèl sou pèsònèl la, mwen pa kapab pataje okenn enfòmasyon espesifik nan moman sa la. Mwen vle fè konnen tou lè nou resevwa enkyetid oswa akizasyon pandan kòmantè piblik la ki konsène nenpòt nan elèv nou yo, se manm jan an, nou revize akizasyon yo, avèti depatman ak/oswa pèsònèl akizasyon ki apwopriye a epi yo mennen yo investigasyon, epi toudepannde rezilta yo jwenn yo, yo pran mezi ki apwopriye a. Epitou, pwiske akizasyon ki konsène elèv endividyèl yo konfidansyèl, mwen pa kapab sitou kòmante sou konklizyon oswa rezilta yo, men mwen vle asire w ke Distri a reyaji pa rapò ak enkyetid yo apati tout fowòm li resevwa yo a. N ap remèsye tout moun dèske yo te kontinye bay kolaborasyon ak sipò yo pou n te kapab asire Lekòl Piblik Boston yo se yon seri anviwònman aprantisaj ki san danje, enklizif epi ki akeyan pou tout moun ki ladan yo.

Kounya, m ap bay reprezantan elèv Komite Lekòl la, Xyra Mercer, lapawòl pou l pataje kèk mizajou sou BSAC.

Mèsi Xyra! Nou vrèman kontan wè tout travay BASC ap fè. Sa se pou rapò Sipèrentandan m nan pou aswè a. Mèsi.

Doktè Alkins te mande konbyen elèv k ap gradye nan BPS. Sipèrentandan an te dakò fè swivi avèk enfòmasyon yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande klarifikasyon sou wòl Komite Lekòl la nan kad akò avèk DESE. Sipèrentan te di gen plizyè pwèn y ap klarifye sou plan jiridik, pandan li ajoute li espere BPS pral kapab kolabore avèk eta a, kote eta ap founi asistans teknik nan domèn patikilye tankou ELL ak sipò pou edikasyon espesyal.

Madam Polanco Garcia te poze kesyon sou Green New Deal la ak sou vivzyon alontèm distri a pou fizyon lekòl yo. Sipèrentandan an te reponn ke vizyon alontèm nan se fizyone ti lekòl yo pou fè yon vin tounen lekòl de kanpis, pandan y ap kreye efikasite ak pèmèt BPS founi plis opòtinite pou pwogramasyon ak anrichisman. Vizyon an pou pi gwo lekòl yo se founi yon garanti kalite pou tout elèv yo. Sipèrentandan an te klarifye ke yo p ap mande Komite Lekòl la pou l vote nan fizyon lekòl la avan otòn 2022 a, apre plizyè mwa angajman kominotè. Si yo

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

8 Jen 2022

apwouve l, fizyon yo ap antre anvigè pandan sezon otòn 2023 a. Sipèrantandan an te konfime pou Madam Polance Garcia ke li rekòmande pou yo elaji lekòl elemantè yo modèl Pre-K-6. Madam Polance Garcia te mande yon lis lekòl ki enstale yon filt kalite lè. Sipèrantandan an te di enfòmasyon yo disponib sou entènèt la nan bostonpublicschools.org/Page/8810.

Chèf Enterimè pou Avansman Familyal ak Kominotè a, Denise Snyder te konfime pou Mesye Cardet-Hernandez gen plis pase 5,000 elèv ki enskri pou opòtinite aprantisaj BPS pandan ete yo.

Doktè Alkins te rekòmande zouti planifikasyon ekite rasyal la nan pwosesis angajman kominotè Green New Deal la. Sipèrantandan an te sijire pou ekip la prezante yon rapò sou zouti planifikasyon ekite rasyal la nan pwochen reyinyon Komite Lekòl la.

Madam Robinson te fè konnen pratik distri a kote li founi atèrisaj moun bay lekòl ki gen efektivite ki diminye yo pa dirab. Li te ankouraj lidè distri yo angaje yo avèk kominote lekòl yo sou fizyon potansyèl yo byen davans nan pwosesis la. Sipèrantandan an te dakò sou enpòtans transparans ak prediktabilite pou fanmi yo. Konseye Prensipal la, Megan Costello, te fè konnen fanmi yo ap mande resous ijans, kote investisman \$2 milya Green New Deal la pral ede founi yo. BPS pran angajman pou l travay avèk fanmi yo dabò pou l eksplòre kresyasyon kominote lekòl de kanpis yo epi li pral prezante rekòmandasyon yo bay Komite Lekòl la pandan sezon otòn nan.

Mesye Cardet-Hernandez te mande kalandriye klè sou faz ak etap ak pwogrè Green New Deal la.

Apwouve – Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sipè-entandan an.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki mansyone annapre yo te temwanyè konsènan enstriksyon ak sipò pou Aprenan Lang Anglè (English Language Learners, ELL yo) yo.

- Suzanne Lee, rezidan Chinatown e Ko-prezidan Gwoup Travay ELL yo
- Roseann Tung, rezidan Jamaica Plain e manm Gwoup Travay ELL yo
- John Mudd, rezidan Cambridge resident e manm Gwoup Travay ELL yo
- Miren Uriarte, rezidan Jamaica Plain resident e manm Gwoup Travay ELL yo

Carolyn Kain, rezidan Dorchester resident e paran nan Henderson K-12 Inclusion School, te temwanyè sou klima ak kilti lekòl la.

Moun ki mansyone annapre yo te temwanyè enkyetid yo sou Green New Deal la:

- Lauren Peter, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School
- Elizabeth Ferrenz, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School
- Mimi Lai, rezidan Roslindale resident e paran nan Summer Elementary School
- Allison Friedmann, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School
- Rachel Young, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

8 Jen 2022

Courtney Feeley Karp, rezidan Roslindale resident e paran nan Henderson K-12 Inclusion School, te temwanye konsènan pwosesis Direktè Pwovizwa Henderson nan.

Robert Jenkins, rezidan Mattapan resident e manm Friends of Madison Park, te temwanye sou sekirite ak atletis lekòl la.

Michael Heichman, rezidan Dorchester resident e manm Alyans Jistis nan Edikasyon nan Boston (Boston Education Justice Alliance, BEJA), te temwanye sou menas entèvansyon eta a.

Ruby Reyes, rezidan Dorchester e direktè egzekitif BEJA, te temwanye sou lidèchip.

Grace Hebard, rezidan Dorchester resident e anplwaye Henderson Upper School, te temwanye an favè anplwaye ak finansman bibliyotèk lekòl la.

Edith Bazile, rezidan Hyde Park resident, e manm Avoka pou Ekselans Edikatif nan Boston (Boston Advocates for Educational Excellence), te temwanye sou ansèyman ki baze sou twomatis la.

Keyona Aviles, rezidan Dorchester resident e paran nan Henderson K-12 Inclusion School, te temwanye sou sekès eta a.

Deeth Ellis, rezidan Jamaica Plain e pwofesè Boston Latin School teacher, te temwanye sou bibliyotekè lekòl la ki sètifye yo ak sou negosiyasyon kontra BTU.

Helen Ho, paran nan West Zone Early Learning Center, te temwanye sou plasman Ansèyman Pwoteje Anglè a.

RAPÒ

Lèt Akò Seksyon Lokal 8751 Sendika Travayè Metal yo ak Deman Kredi Sipleman tè pou Ane Fiskal 2022 ak Ane Fiskal 2023 a - Direktè Relasyon Travay la, Jeremiah Hasson te prezante rekòmandasyon Sipèrentandan an pou Komite Lekòl la kapab apwouve de lèt akò ant Majistra a, Sipèrentandan an, Komite Lekòl la ak Seksyon Lokal 8751 Sendika Travayè Metal yo (chofè bis yo).

Lèt Akò A:

- Anvizaje senaryo kote BPS retni plizyè founisè transpò diferan, men dokiman apwovizyonman yo presize nouvo founisè a (yo) t ap kontinye aplike sendika aktyèl la.
- Sendika a dakò pou l pa fè grèv, kanpe travay ni pou l pa ralanti travay.

Lèt Akò B:

- Anvizaje senaryo kote Vil la oswa Komite Lekòl la founi sèvis transpò bis nan lekòl la avèk pwòp anplwaye pa li, olye li fè sa atravè yon founisè, epi li t ap egzije COB/BPS konfòmman ak CBA pou yo aplike sendika aktyèl la pou yo bay sèvis yo
- Sendika a dakò pou l pa fè grèv, kanpe travay ni pou l pa ralanti travay.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

8 Jen 2022

Mesye Hasson te prezante demann Sipèrentandan an tou pou Komite lekòl la kapab apwouve yon demann kredi siplemantè pou Ane Fiskal 2023 a pou Konsèy Vil Boston nan ki nan sòm \$1, 510,820 pou sipòte ogmantasyon nan salè ak benefis yo nan akò sou negosiyasyon kolektif la ant Transdev ak Seksyon Lokal 8751 Sendika Travayè Metal yo.

Mesye O'Neill te eksprime li rete kwè akò a pral amelyore pèfòmans bis atan.

Komite a pwograme pou l vote sou Lèt Akò ak demann kredi siplemantè pou Ane Fiskal 2023 a nan reyinyon 21 jen 2022 li a.

Pwoipozisyon Renouvèlman Plan Inovasyon yo - Sipèrentandan Zafè Akademik la, Drew Echelson te prezante pwopozisyon renouvèlman Plan Inovasyon an pou lekòl ki vini annapre yo: Burke High School (Amilcar Silva, Responsab Lekòl); Eliot K-8 (Traci Walker Griffith, Responsab Lekòl); Holmes Elementary (Edverette Brewster, Responsab Lekòl); Muñiz Academy (Dania Vazquez, Responsab Lekòl); ak Winthrop Elementary (Leah Blake, Responsab Lekòl).

Yo elabore plan inovasyon pou kreye kondisyon ideyal pou desèvi elèv yo. Plan yo itilize plizyè otonomi diferan ki soti nan politik estanda yo. Se ekip aksyonèl nan lekòl yo ki elabore premye plan yo epi kò pwofesè a oswa Komite Lekòl la apwouve yo. Nan fen chak peryòd plan ki apwouve (jeneralman senk lane), Komite Lekòl la dwe vote pou yo renouvle plan an. Renouvèlman an pèmèt plan ak kondisyon aktyèl yo rete anvigè epi yo gen ladan l yo ti mizajou piti, men pa nouvo modifikasyon nan kondisyon travay yo.

Manm Komite yo te poze kesyon klarifikasyon ki gen rapò ak reyengajman, modèl hub school la, MassCore, anplwaye yo, otonomi, ak responsablite, kote prezantatè yo te reponn tout kesyon sa yo. Komite a dwe vote nan demann pou renouvèlman Plan Inovasyon an nan reyinyon 21 Jen 2022 li a.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.

NOUVO BIZNIS

Doktè Alkins te mande yon mizajou sou pwosesis tranzisyon an pou elèv ki deplase yo nan Mission Hill K-8 Pilot School ki fèk fèmen an, kote Sipèrentandan an te dakò pou founi li nan pwochen reyinyon an.

REPÒTE

Approved - A anviwon 10:23 p.m. tout Komite a nèt te apwouve yon mosyon, atravèl apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an

Ateste:

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan
Zoom

8 Jen 2022

Elizabeth Sullivan

Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif